SISPANN
Produit par Lou Piensa, co-produit par Waahli
Paroles écrites par Waahli

Couplet 1
M'ap gade dèyè m, m'ap gade devan — nou tout sanble pa m.
Gen yo ki pale, yo pa sonje nou tout gen menm san.
Mwen pa vle preach tankou pastè, sa m'ap di a fè sans.
Lè m te timoun, gen youn nan yo ki tap fe frekante avè m.
li di m konsa: fiti pa m, se non manufacti
sa li te di , se te menti, lè li wè m, li sezi.
Ou gen rezon, se menm nou, men mwen gen tèt di pa m.
Kontinye jige'm, al mande gras, fre'm

REFRAIN
Sispann gade m,
Sispann jije m, nooooo
Poze w kesyon, ouiiiiii
Si w vle repons. eeeeh

Couplet 2
M pa la pou vin bay blag,
M gen fòs tankou rafal.
Sa ki di yo gen zanmi nwa, nou ban yo bèl vag.

M gen style, bèl vibes,
Gen sa k vle manyen cheve.
Yo di m diferan, yo di m sanble ak yon moun ki edike.

Oh Oh , yo di’m mwen sanble men jan ak Laferrière.
Ou dim kisa? Gen lè gen yon bagay yo pa konprann

Moun yo kwè son konpliman lè yo di w ‘’ou pale byen’’ (pam) (oush).
Poukisa ou ap di’m sa, èske w gen pwoblèm avè m?

CHORUS:
Sispann gadem oooh
Sispann juge m. eeeeh
Poze w kesyon, ouiiiiii
Sou pa kommen eeeeh

1st

Sispann gade m,
Sispann jije m, nooooo
Poze w kesyon, ouiiiiii
Si w vle repons. eeeeh

Couplet 3
Gade kijan li bèl, li fè m anvi pale avè l.
Li gade m nan je, li di m “fòk ou dégage”.
Ou sanble yon moun ki fin chaje ak fanm,
M pa ka wè lòt fanm, se ou ki kanpe devan.
Pou kisa se mwen pou kouri dèyè w?
Li di m li pa renmen lè yo sifle dèyè l.
Ann wè, nou la, nou pa vin pou ranse.
Si nou jwenn yon vib, li tan pou nou danse.
Mèsi bondye, jodi a se Vandredi,
M pa nan goumen jodi a, m anvi renmen w.
Li di m konsa: “Ou se yon atis, li konplike.”
Ou te mèt jige n, se ou ki pral manke.

Sispann gade m,
Sispann jije m, nooooo
Poze w kesyon, ouiiiiii
Si w vle repons. eeeeh

bridge :
Yo pale nan zòrèy mwen, men m pa vle tande yo
Yo pale nan zòrèy mwen, you pan vle tande lot
—-